**दिन–रविवार** **दिनांक–17.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग कहलक अछि जे बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण केर शुरूआत कयल गेल अछि आ एखन धरि एकर नीक परिणाम भेटल अछि। नव दिल्ली मे संवाददाता सम्मेलन मे मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार कहलनि अछि जे मतदाता सूची मे गलती सभ के सुधारक लेल एसआईआर कयल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे प्रारूप सूचीक प्रकाशनक बाद पूर्ण गंभीरताक संग दावा आपत्ति के निपटारा कयल जा रहल अछि। श्री कुमार कहलनि अछि जे चुनाव आयोग मतदाता लोकनिक संग ठाढ़ अछि। ओ एसआईआर के लऽकऽ विपक्षी दल सभ द्वारा सवाल उठाएल जयबा पर प्रतिक्रिया दैत कहलनि जे एहि मुद्दा पर किनको भ्रम नहि पसारबाक चाहियनि। मुख्य चुनाव आयुक्त स्पष्ट कयलनि जे राज्य मे एसआईआर केर अंतर्गत दावा आपत्तिक लेल एखन पंद्रह दिनक समय आओर बाँचल अछि। एहि लेल सभ दल के पूर्वाग्रह छोड़ि कऽ योग्य मतदाता लोकनिक नाम मतदाता सूची मे शामिल करयबाक लेल आगू अयबाक चाहियनि।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी आइ सासाराम सँ मतदाता अधिकार यात्राक शुरूआत कयलनि अछि। सोलह दिन धरि चलयबला ई यात्रा राज्यक पचीस जिला सँ भऽकऽ जायत। यात्रा मे राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव समेत महागठबंधनक कतेको वरिष्ठ नेता भाग लऽ रहल छथि। कांग्रेस सांसद अखिलेश प्रसाद सिंह जनौलनि अछि जे यात्राक उद्देश्य एसआईआर मे गड़बड़ी के जनताक सोझां आनब अछि। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे सासारामक सुअरा हवाई अड्डा मैदान मे महागठबंधनक जनसभा आयोजित कयल गेल। जनसभा मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे समेत गठबंधन मे शामिल कतेको पैघ नेता मौजूद छलाह।

---

एम्हर, एनडीए नेता लोकनि राहुल गांधीक यात्रा के लोक कें गुमराह करयबला यात्रा जनौलनि अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे राहुल गांधीक वोट बचाओ यात्रा सँ आम मतदाता लोकनिक कोनो सरोकार नहि अछि। ओतहि, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ केन्द्रीय मंत्री जीतनराम मांझी विपक्षक मतदाता अधिकार यात्रा पर कहलनि जे विपक्ष तुष्टीकरणक राजनीति कऽ रहल अछि। श्री मांझी कहलनि जे की यात्राक दरमियान महागठबंधनक नेता घुसपैठिया सभ के मतदाता सूची मे शामिल करयबाक लेल प्रचार–प्रसार करताह।

———————————————————

भारतीय जनता पार्टी संसदीय समितिक आइ सांझ नव दिल्ली मे बैसक होयत। पार्टी मुख्यालय मे आयोजित बैसक मे उपराष्ट्रपति चुनावक लेल प्रत्याशीक नाम पर चर्चा कयल जायत। ध्यातव्य अछि जे एनडीएक नेता लोकनि सर्वसम्मति सँ प्रस्ताव पारित कऽ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ भाजपा अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा कें उपराष्ट्रपतिक उम्मीदवार चुनबाक लेल अधिकृत कयलनि अछि। उपराष्ट्रपति चुनावक लेल एकैस अगस्त धरि नामांकन दाखिल कयल जा सकैत अछि। चुनाव नओ सितंबर के होयत। ई चुनाव जगदीप धनखड़क इस्तीफाक कारण भऽ रहल अछि।

———————————————————

एनडीए राज्यक सभ विधानसभा क्षेत्र मे आगामी तेईस अगस्त सँ कार्यकर्त्ता सम्मेलनक आयोजन करत। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल पटनाक जदयू कार्यालय मे आयोजित एक संयुक्त प्रेस कांफ्रेंस मे ई जनतब देलनि। श्री जायसवाल कहलनि जे सम्मेलनक आयोजन सात अलग–अलग चरण मे होयत, जाहि मे एनडीए गठबंधनक वरिष्ठ नेता शामिल होयताह। एहि अवसर पर एनडीए गठबंधन दलक प्रदेश अध्यक्ष **सुशासन के सार आपके द्वार** आ **घर–घर महिला संवाद** कार्यक्रमक प्रचार वाहन के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार उनतीस अगस्त सँ राजगीर मे खेलायल जायबला बारहम एशिया कप पुरूष हॉकी चंपियनशीप केर शुभंकर **चाँद** आ ट्रॉफी केर आइ अनावरण कयलनि। श्री कुमार पटना मे एक अणे मार्ग स्थित संकल्प मे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान ट्रॉफी गौरव यात्राक सेहो हरियर झंडी देखा कऽ शुभारंभ कयलनि। राज्य मे पहिल बेर

आयोजित भऽ रहल एशिया कप मे भारत, चीन, जापान, मलेशिया, दक्षिण कोरिया, ओमान, बांग्लादेश आ चीनी ताइपे केर टीम भाग लेत।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भाग सभ मे मॉनसूनक सक्रियता धीमा पड़ि गेल अछि। एकरा कारण लोक सभ कैँ उमस भरल गरमीक सामना करय पड़ि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे बैकुंठपुर मे सभ सँ बेसी उनतीस दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ मधुबनी, शिवहर, सीतामढ़ी, भागलपुर, बांका, गया, औरंगाबाद समेत राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पश्चिम भाग मे कतेको ठाम मेघगर्जन ठनका आ तेज हवा चलबाक संभावना अछि। विभाग कहलक अछि जे बीस अगस्त सँ एक बेर फेर मॉनसूनक सक्रियता होयबाक परिस्थिति बनि रहल अछि।

———————————————————————

अररिया जिलाक रानीगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत खरहट पंचायत मे भूमि विवाद के लऽकऽ दू पक्षक बीच भेल मारि–पीटक घटना मे एक महिला समेत छओ गोटे घायल भऽ गेल। एहि मे चारि गोटेक स्थिति गंभीर अछि।

———————————————————————

समाप्त